

FL-1083-2018-1

Avi Piblik

Dokiman sa bay avi ke Konte Lee pral aplike, dapre USC Seksyon 5307, pou yon sibvansyon Pwogram Plan Zòn Ibanize (Urbanized Area Formula Program) nan Administrasyon Federal pou Transpò (Federal Transit Administration) ki pral sèvi pou bay Depatman Transpò Konte Lee a, LeeTran, asistans pou pwojè fonksyonman ak envestisman.

Nenpòt pati ki enterese ka mande pou Konsèy Komisyonè Konte Lee a fè yon odyans piblik konsènan bidjè Pwogram Pwojè yo pou demann sibvansyon Pwogram Plan Zòn Ibanize sa a. Pou mande yon odyans piblik, tanpri soumèt yon demann alekri nan 10 (dis) jou oplita apre avi sa a nan Lee County Transit 3401 Metro Parkway Fort Myers, FL 33901.

Nenpòt pati ki enterese ka jwenn yon kopi demann sibvansyon sa a nan Lee County Transit 3401 Metro Parkway Fort Myers, FL 33901 ant 8:00 a.m. ak 5:00 p.m., lendi jiska vandredi.

Deskripsyon Pwojè a: Yo estime pri pwojè a pou sibvansyon Pwogram Plan Zòn Ibanize USC Seksyon 5307 sa a nan nivo \$6,257,157 pou pòsyon federal la nan afektasyon pou Ane fiskal (FY) 2018 la ki disponib dapre Lwa sou Reparasyon Transpò an Sifas Etazini (Fixing America's Surface Transportation, FAST). Y ap kontribye egalego nan lajan Pwogram lan ak kredi devlopman transpò Eta a.

Pwojè yo pwopoze yo pral gen ladan finansman pou antretyen prevantif, sèvis transpò adapte ADA Paratransit, ranplasman otobis ak kamyonèt Paratransit, amelyorasyon ekipman pou pasaje, ak eleman anrapò ak prezèvasyon kapital.

Si pa gen okenn chanjman ki fèt nan pwojè ki endike anwo yo, y ap konsidere avi sa a kòm dènye avi pou Pwogram Pwojè yo. Yo ka voye tout demann bay Direktè Finansye (Fiscal Manager) LeeTran lan nan (239) 533-0332 oswa pa imèl nan lcombs@leegov.com oubyen nan www.rideleetrans.com

LeeTran respekte egzijans pwogram Administrasyon Transpò Federal ki aplikab yo epi li asire ke yo mete sèvis transpò yo disponib epi distribye yo egalego san gade sou ras, koulè, oswa orijin nasyonal, andikap, sèks oswa laj. Ou kapab gade Tit VI LeeTran lan okonplè nan www.rideleetrans.com

Fort Myers NewsPress
Dat Piblikasyon: